

Eske w ansent?

Pwojè Pilòt Doula New York la kapab ede.



Kisa k yon Doula?

Yon doula, ke yo rele tou yon konpanyon nan akouchman, yon antrenè oswa sipòtè, apre akouchman, resevwa fòmasyon pou bay sipò fizik ak emosyonèl bay yon manman, pandan ak apre bebe a fèt.

Kisa yon Doula Fè?

Yon doula kapab ede w nan peryòd gwosès ou.

Anvan w akouche, yon doula kapab ede w konsevwa yon plan akouchman, ba w enfòmasyon sou klas yo bay pou prepare akouchman, oswa ale ladan yo avèk ou, fòme w sou esperyans akouchman, epi ale nan vizit kay doktè avèk ou. W ap kouvri pou jiska vizit anvan akouchman gratis.

Pandan ou gen tranche ak lè w ap akouche, yon doula kapab ede epi gide w sou fason pou rekonfòte w tankou respirasyon, relaksasyon, mouvman, pozisyonman ak kontak fizik pou soulaje w. Yon doula ap travay ansanm ak ou ak doktè w e ou pap peye anyen pou sa.

Apre ou akouche, yon doula kapab ede w konprann mouvman ak son bebe a, montre w fason pou kalme pitit ou, epi ankouraje w nan metòd alimantasyon ou chwazi a. W ap kouvri pou jiska kat vizit apre akouchman gratis.

Eske mwen kalifye pou Pwojè Pilòt Doula?

Si w enskri nan pwogram Medicaid la epi w ap viv nan Konte Erie oswa, ou kalifye pou resevwa sèvis doula.

Kijan Mwen Kapab Jwenn Plis Enfòmasyon?

Kouvèti ap kòmanse 1mye mas 2019. Pou aprann plis, ale sou www.health.ny.gov/doulapilot



Department
of Health

Office of
Health Insurance
Programs